*Қарақалпақстан Республикасы*

*Мәлимлеме – китапхана орайы*

# *«Шайыр, Илимпаз, Устаз»*

# *Қонысбай Камаловтың*

**(биобиблиографиясы)**

*Нөкис - 2018 жыл*

# *Кирисиў*

Әдебий, мәдений, сиясий өмирде өз орны бар, Қонысбай Камалов әдебий - критикалық  мақалалары менен жақсы таныс жазыўшылардың бири. Китаплары ҳәм мақалалары ; Қарақалпақ повести,  Нөкис-1978 – жылы.Кәрўан басы, Нөкис-1983 –жылы,Дала бүркити, Нөкис-1990 –жылы. Көркем әдебият шығармасы, мейл иол қайсы турде, қайсы жанрда, қайсы формада жазылсада оның жоқары идеаллығы, жетилискен көркемлиги, қаҳарманлар образының шебер жасалыўы менен белгиленеди.Қонысбай Камаловтың «Қарақалпақ повести»,Әдебиятымызда қарақалпақ халқының бай фольклоры ҳәм жазба классикалық поэзиясына хызмет етти. Ғәрезсизлик орнағаннан кейинги экономикалық ҳәм мәдений табыслар, жаңа заман шынлығы менен жаңа адамның дөретиўшилик мийнетин эпикалық реалистлик прозада сүўретлеў талабаның артыўы, реалистлик прозаның бай дәстүрлерине ийе әдебиятлардың тәжирийбелерин үйрениў әдебиятымызда повесть жанрының туўылыўына белгили дәрежеде тәсир етти. Қонысбай Камаловтың Қарақалпақ әдебиятында көркем методының эволюциясы шығармасында,  қарақалпақ әдебиятында социалистлик реализм методының пайда болыўының,  дөреўи ҳәм қәлиплесиўиниң тарийхый басқышларын илмий тийкарда анализлейди.Қарақалпақ әдебияты жазыў сызыўы жас әдебиятлардың бири болғанлықтан онда көркем методтың раўажланыў эволюциясы өзине тән өзгешеликке ийе. Қарақалпақ халқының узақ әсирлер бойы аўызша дөреткен фольклорында өмир шынлығын мифологиялық , фантастикалық, романтикалық ҳәм реалистлик сүўретлеў элементлери араласып келди. Себеби, қарақалпақ  фольклорында жәмийетлик сананың ең әййемги формасынан баслап соңғы дәўирлердеги формасына шекем өзиниң сәўлелениўин тапты.Фольклордың тили қарақалпақ халқының сөйлеў тилинде қәлиплести және де онда ырғақ, уйқас, цезуара, эмоция, инверсия, қосықтың  формаларының дүзилиўи, көркемлеў қуралларының түрлери, ырғақлы проза қусаған әдебий шығарманың тилине тән элементлер пайда болды.Бунда жазыўшы қарақалпаққа белгили жазыўшылардың шығармаларындағы образлардағы баслы қаҳарманларды талқылаған.Мысалы Қ Әўезовтың 1925-жылы  жазылған «Тилек жолында» пьесасында, усы дәўирдиң типик, реаль, тарийхый шынлығын дөреген сюжетлик жол кейин көплеген драмалық ҳәм эпикалық шығармаларда өзиниң реалистлик сүўретлениўин тапты.Ҳаял қызлар еркинлиги, ҳадал мухаббат темасы қарақалпақ фольклоры менен революцияға шекемги қарақалпақ жазба әдебиятының тийкарғы темаларының бири еди.Бул  көркем реализм методының өмир шынлығын ҳәр тәреплеме сүўретлеўге бейим , творчествоеркинлигин шеклемейтуғын , формалардың эстетикалық ашық екенлигин көрсетти. Жетписинши жылларғы қарақалпақ повести өз раўажланыўының жаңа басқышына көтерилди. Повестьлердиң тематикасы

кеңейди, өмир шынлығын лирикалық планда сүўретлеў күшейди. Повестьлердиң сюжетлери қаҳарман образын жасаўдың ҳәм конфлектли шешиўдиң жаңа усылы жетилисти.Ол өзиниң Көркем әдебиятты шебер оқытайық мақаласында Әдебиятты шебер оқытыў деген нени аңлатады деген сораўға жуўап ретинде Муғалим eң биринши қарақалпақ әдебиятынан теориялық ҳәм практикалық мәселелерин жетик билиў шәрт. Баланың әдебияттан саўатлы болыўының бир мәселеси оның өз бетинше китап оқыўына байланыслы,оның үстине ҳәзирги дәўирде оқыйтуғын информацияның көбейиўине байланыслы китап оқыўдың вертикал, горизонтал усыллары жетилисти. Бала тәрбиясы – мектеп ҳәм үй тәрбиясы. Сонлықтан ата- аналар үйлеринде балалардың бос ўақытларында китап оқып барыўын бақалағаны, жоқары класс оқыўшыларының көркем әдебият бойынша өзлериниң кишкене китапханасын дүзгени жақсы нәтийжеге алып келеди деп булл көркем әдебиятты шебер оқытайық мақаласында көрсетип өткен.Қонысбай Камалов өз кәсибине сондай итибар берген илимпаз ол ҳәр бир мақаласында жаслардың тәлим тәрбиясына олардың оқыў методына қатты итибар берип кеткен.Қарақалпақ жазыўшыларының ҳәр бир жазған шығармаларындағы бас қаҳарманлардың образларын мақалаларында тәриплеп өтип олардың жазылыў методына итибар берип кеткен.

## Қонысбай Камаловтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети

Әдебиятшы алым ҳәм прозашы Қонысбай Камалов 1939- жылы 5- декабрьде Шымбай районы Таза жол аўылында (ҳәзирги 1 май совхозында) туўылған.1965 –жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының тарийх- филология факультетин айрықша баҳа менен тамамлағаннан соң, усы института қалады.(1965-1968), 1968-1971- жыллары Ломоносов атындағы Москва мәмлекетлик университетиниң совет әдебияты тарийхы кафедрасында аспирантурада оқыды.Бир қанша жыллар «Әмиўдәрья» журналында жуўаплы хаткер, бас редактордың орынбасары лаўазымында исследи. (1971-1979) жыллардан баслап Қарақалпақ мәмлекетлик университетинде аға оқытыўшы- доцент болды.1990 – жылдан Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында қарақалпақ филологиясы кафедрасының баслығы, 1992 –жылдан баслап қарақалпақ тили ҳәм әдебияты факультетиниң деканы. Ол 1975 –жылы «Қарақалпақ повести: жанрдың эволюциясы» деген темада кандидатлық, 1989- жылы»Қарақалпақ әдебиятында көркем методтың эволюциясы» деген темада докторлық диссертациясын жақлады.Қонысбай Камалов 1976- жылы партия ағзасы, 1992 жылдан Өзбекстан ХДП –ның ағзасы. 1976- жылы Жазыўшылар

аўқамына қабыл  етилди.Оның биринши шығармалары 60- жылларда пайда болды.1972 жылы « Маржангул» топламы жәрияланды. Қонысбай Камалов жоқарғы оқыў орнына  ҳәм орта мектепке арналған сабақлықлардың авторларының бири. Қонысбай Камалов Қарақалпақстанға мийнети сиңген мәдeният хызметкери.  Өзбекстанға мийнети сиңген халық билимлендириў хызметкери**.**Қарақалпақстан Жоқары Президумының Ҳүрмет грамотасы менен сыйлықланған.Китаплары ҳәм мақалалары ., Қарақалпақ повести, Нөкис-1978 –жылы.Кәрўан басы, Нөкис-1983 –жылы,Дала бүркити, Нөкис-1990 –жылы. Қонысбай Камалов илимниң қыйын жолларын кешип өтти. Өмирде саяманлы салқын жай бола қойған жоқ. Бирақ елине журтына берерин берди. Соншама китаплар жарық көрди. Әдебияттың арбасын бир адамдай сүйреди. Оны соншама кешиўлерден, аўыр соқпақлардан алып шығыўға ғайрат салды. Соншама балаларын тәрбиялады үйли- жайлы етти, оқытты. Сөйтип жүрипте жазыўшылығын, талантын тасламады.Халқына бирнеше гүрриң ҳәм повестьлер жазып қалдырды.Хақыйқатында да ол жазыўшы ҳәм алым еди. Қәлеми анық ысылып ҳәўижге минген дәўиринде, енди жазаман деген жаңа шығармасын жазыўға үлгермей, арамыздан ерте кеткен, қарақалпақ халқының хақыйқый азаматларының бири еди. Оның өзине бола ерлиги де, ҳақыйқатшылығы да көкиреклиги де болды. Ол ешкимди алаламай ҳәммени бирдей көрип, шын жүрегинен сүйетуғын еди. Илим жолы ауыр жол, Қонысбай Камаловтың қолы гул уста ҳәм еди.  Оның усташылық өнери аспирантурада, доктарантурада оқып жүргенде жүдә қол келген ақшадан тарықпағанлығын өзи шәкиртлерине айтып берген. Оның илимий  жумысы қол  мийнети менен егиз рауўажланған десе де болады.

## ***Қонысбай  Камаловтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети дәўириндеги тийкарғы  сәнелер***

1939- жылы 5- декабрьде Шымбай районы Таза жол аўылында (ҳәзирги 1 май совхозында)  туўылған.

1965 –жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының тарийх- филология факультетин айрықша баҳа менен тамамлаған. .(1965-1968), 1968-1971- жыллары Ломоносов атындағы Москва мәмлекетлик университетиниң совет әдебияты тарийхы кафедрасында аспирантурада оқыды.

(1971-1979) жыллардан баслап Қарақалпақ мәмлекетлик университетинде аға оқытыўшы- доцент болды

1975 –жылы «Қарақалпақ повести: жанрдың эволюциясы» деген темада кандидатлық жақлады.

1976- жылы партия ағзасы

1976- жылы Жазыўшылар аўқамына қабыл етилди

1989- жылы»Қарақалпақ әдебиятында көркем методтың эволюциясы» деген темада докторлық диссертациясын жақлады.

1990 – жылдан Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында қарақалпақ филологиясы кафедрасының баслығы

1992 –жылдан баслап қарақалпақ тили ҳәм әдебияты факультетиниң деканы

1992 жылдан Өзбекстан ХДП –ның ағзасы.

## *Қонысбай Камаловтың алған атақ ҳәм сыйлықлары*

Қарақалпақстанға мийнети сиңген мәдeният хызметкери.

Өзбекстанға мийнети сиңген халық билимлендириў хызметкери**.**
Қарақалпақстан Жоқары Президумының Ҳүрмет грамотасы менен сыйлықланған.

## *Қонысбай Камаловтың шығармалары қарақалпақ тилинде*

1972

1. Социалистлик реализм методы ҳаққында // Сов. Қарақалпақ станы ,1972.-15 дек.

1973

2. Әдебиятымызда социалистлик реализмниң пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўи ҳаққында // Әмиўдярья. - 1973. – №10.

1974

3. Баҳалы изертлеў: [публицистика] // Әмиўдярья. - 1974. – №8.

1977

4. Мифологиялық- фантастикалық суўретлеўден –реализм методына // Әмиўдярья. - 1977. – №8. –Б.103-113.

5. Ҳәзирги повестлеримиздиң раўажланыўындағы баслы бағдарлар // Әмиўдярья. - 1977. – №1. –Б.109-116.

1978

6. Әрманым, кеттиң., Өмир соқпағы: [гүрриңлер] // Әмиўдярья. - 1978. – №9. –Б.76-82.

7. Дәўир талабы ҳәм әдебиятымызда тарийхый теманың суўретлениўи // Әмиўдярья. - 1978. – №11. –Б.108-113.

8. Қарақалпақ повести: (жанрлық эволюциясы).-Нөкис:- Қарақалпақстан, 1978.-108 б.

1983

9. Кәрўан басы.(Қарақалпақ әдебиятының гейпара мәселелерине).-Нөкис: - Қарақалпақстан, 1983.-108 б.

1985

10. Бүгинги поэзия ҳәм дәўир талабы // Әмиўдярья. - 1985. – №1. –Б.90-95.

1986

11. Жығагул ҳаққында аңыз; Көзлер: [гүрриңлер] // Әмиўдярья. - 1986. – № 1. –Б.39-45.

12. Поэзияға тереӊ пикир ҳәм жаңа ойлар керек // Әмиўдярья. - 1986. – №5. –Б.94-97.

1987

13. Көркем әдебиятты шебер оқытайық: [әдебият ҳәм мектеп] // Әмиўдярья. - 1987. – №4. –Б.93-95.

1988

14. Идеал шайырларда қаҳарманлар да керек:[пикир кесилиспесинде] // «Жас ленинши».-1988.-30 авг.

15. Қәйин ата: [гүрриңлер] // Әмиўдярья. - 1988. – № 1. –Б.78-82.

16. Манас елинде: [жазыўшының жол дәптеринен] // Қарақалпақстан. - 1988.-5 окт.

17. Қарақалпақ әдебиятында көркем методтың эволюциясы:(монография).-Нөкис :- Қарақалпақстан, 1988.-272 б.

18. Шийкилик кимде жоқ..:[әдебий сын] // Әмиўдярья. - 1988. – №9. – Б.83-85.

1989

19. Көрнекли илимпаз,әдиўли устаз: [профессор Қ Мақсетов 60 жаста] // Сов Қарақалпақстаны, 1989.-17 янв.

1990

20. Поэзияға терең пикир ҳәм жаңа ойлар керек //Қ. Камалов. Дала бүркити.-Нөкис:- Қарақалпақстаны, 1990.

1991

21. Шайыр, илимпаз. Устаз:[Г. Есемуратов ҳаққында] // «Жас Ленинши».- 1991.-21 май.

1992

22. Көркем әдебияттың улыўма адамзатлық ҳәм миллийлик идеясы ҳаққында // Еркин Қарақалпақстан. - 1992. – 14 нояб.

23. Қарақалпақ әдебияты тарийхын оқытыў мәселелери // Еркин Қарақалпақстан. - 1992. – 23 янв.

1993

24. Озық ойлы көреген алым:[көрнекли алым, устаз Ж. Базарбаеы 60 жаста] // Еркин Қарақалпақстан. - 1993. - 13 нояб.

1996

25. Бийғәрез Ўатанымыздың әдебияты: [Қарақалпақ жазыўшы шайырларының шығармалары ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 1996. – 5 нояб. -№133.

1999

26. Қарақалпақ халқының руўхый ағартыўшылығы ҳәм әдебиятында ал кердери мийрасы ҳәм орны:[Түркстан улыўма үйимиз] // Қарақалпақстан жаслары. - 1999. – 8 апр.-№14.

2000

27. Ол ҳақыйқый шайыр еди // Еркин Қарақалпақстан. - 2000. – 5 февр.

28. И. Юсуповтың Посейдонның ғәзеби аллегориясында экология мәселелериниң суўретлениў өзгешелиги // «Қарақалпақстан муғаллими», 2000.-№3-4.

2003

29. Өшпес жулдыз // Еркин Қарақалпақстан. - 2003. – 13 март.

**2**008

30. Илимли елге нур жаўар: [Өз.И.А.Қар.бөл.дүзимлери]// Еркин Қарақалпақстан. - 2008. - 12 нояб.-№137.

2010

31. Илимли елге нур жаўар.-Нөкис:-Илим,2010.-92 б.

## *Қонысбай Камаловтың ҳәм шығармалары ҳаққында*


1994

32. Сулейманов О. “Өмир” сабақларын оқығаннан кейин: Белгили алым ҳәм жазыўшы Қонысбай Камаловтың “Өмир” атлы повесть ҳәм гүрриңлер топламы ҳаққында // Қарақалпақстан жаслары.-1994.- 10 сент.

2002

33. Мергенбаев Е. Умыт болмас мәўритлер:[яднама Қ. Камалов ҳаққында] //Қарақалпақстан жаслары.-2002.- 31 янв. -№5.

2009

34. Пахратдинов Ә, Сайымбетов Ш. Илимде салмақлы орны бар алым:[әдебиятшы алым Қ. Камалов ҳаққында] //Қарақалпақстан жаслары.-2009.- 17 дек. -№51.



**Дүзиўши:**

**Үлке таныў сектор баслығы: Ж. Тлеўбаева**